

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan basa aya opat aspek, di antarana : kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan maca, kaparigelan nyarita, jeung kaparigelan nulis. Unggal kaparigelan boga hubungan nu kacida raket.

Dina kanyataanna urang salaku manusa sosial, anu hirup di masarakat pasti ngalakukeun interaksi jeung jalma liana ngaliwatan komunikasi. Basa mangrupa alat komunikasi pikeun manusa, sangkan bisa interaksi jeung jalma liana. Ku kituna basa mangrupa hal anu kacida pentingna dina kahirupan, lamun euweuh basa pasti moal aya komunikasi papada jalma.

Dina komunikasi aya dua rupa, nya éta komunikasi langsung nu mangrupa nyarita langsung jeung jalma nu diajak nyaritana bari pahareup-hareup, sedengkeun komunikasi teu langsung mangrupa komunikasi dina wangun tulisan, nu henteu pahareup-hareup jeung nu diajak nyaritana.

Nulis mangrupa hiji kagiatan anu produktif jeung ekspresif. Dina kaparigelan nulis, panulis boga kaparigelan pikeun ngadumunasikeun struktur basa jeung kosa kecap. Nulis surat mangrupa salah sahiji komunikasi dina wangun tulisan. Komunikasi tulisan anu diajarkeun di sakola nya éta pangajaran nulis surat resmi.

Surat resmi nya éta surat anu eusina nepikeun hal-hal nu sifatna dines anu di tulis ku hiji intansi ka intansi séjénna. Pangajaran nulis surat aya dina pangajaran sakola SMP kelas IX anu geus diatur ku Dinas Pendidikan Propinsi.

Jawa Barat. Dina Standar Kompetensi Dasar (SKKD) 2006 mata pelajaran basa jeung sastra Sunda.

Dina kenyataan siswa boga bangbaluh diajar basa Sunda téh hésé, komo deui dina kagiatan nulis surat resmi maké basa Sunda. Loba siswa ngarasa teu bisa lantaran teu ngawasa kandaga kecap dina basa Sunda.

Sangkan dina pangajaran nulis tur bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh nulis surat resmi, ku kituna dina cara nepikeun pangajaran diperlukeun modél pangajaran nu mernah jeung bahan ajar nu rék ditepikeun ka siswa.

Aya rupa-rupa modél pangajaran nu ngabogaan tujuan pikeun leuwih ningkatkeun cara diajar siswa di kelas. Modél pangajaran téh mangrupa salah sahiji jalan alternative pikeun ngarojong kana bahan ajar nu rék ditepikeun ka siswa. Dina modél pangajaran téh ngawengku sababaraha hiji modél nu bisa dipaké tur dilarapkeun kana prosés pangajaran di sakola, pikeun leuwih ngagampangkeun guru, salaku nu langsung terjun ka lapangan atawa ngajar di kelas.

Pèdaran di luhur téh saluyu jeung pamandegan *Joyce & Weil (1980)* nu ngadéfinisikeun modél pangajaran téh nya éta hiji perencanaan nu digunakeun tina nyusun kurikulum, ngatur materi diajar, jeung méré pituduh ka guru sangkan ngatur kelas tina prosés diajar.

Salian ti éta, modél pangajaran ogé mangrupa hiji rancangan pangajaran nu digunakeun pikeun hal nu nangtukeun maksud sarta tujuan tina hiji bahasan dina pangajaran. Hal ieu saluyu jeung pamadegan *Kemp (1977)*.

Modél-modél pangajaran kudu luyu jeung materi anu rék ditepikeun. Variabel-variabel anu jadi dasar dipilihna modél pangajaran ngawengku : (a) prosés diajar nu rék dilakukeun ku siswa, (b) siswa jeung karakteristikna, (c) guru dina cara ngajarna nu dipilih, (d) eusi jeung struktur pangajaran, jeung (e) tujuan jeung prosés nu rék dihontal.

Modél pangajaran *Group Investigation* dina hakékatna mah nya éta stratégi diajar ngajar pikeun mantuan guru dina matalikeun antara materi nu diajarkeun jeung kaayaan siswa sangkan materi nu ditepikeun bisa dicangking sacara maksimal tur sangkan hasil prosés diajar ngajar bisa kahontal.

Panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis surat resmi geus aya nu nalungtik saperti dina skripsi Rima Dewi Lestari anu judulna : “ Éfektivitas Strategi Modéling Berbasis Teks (SMBT) pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis surat resmi basa Sunda (Studi Kuasi Eksperimen) “. Tapi panalungtikan modél *Group Investigation* dina nulis surat resmi maké basa Sunda can aya nu nalungtik, ku kituna ieu panalungtikan perlu diayakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh dina nulis surat resmi maké basa Sunda dina ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

Dumasar kana kasang tukang masalah nu geus diébréhkeun di luhur, perlu dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan modél *Group Investigation* dina mata pelajaran basa jeung sastra Sunda. Tujuanana ngomean prosés diajar ngajar

sangkan bisa ningkatkeun kamampuh ngagunakeun basa Sunda ngaliwatan nulis surat resmi maké basa sorangan.

Ku kituna, judul ieu panalungtikan téh nya éta “ Modél Pembelajaran *Group Investigation* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Surat Resmi (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas IX-B di SMP N 17 Bandung)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina Standar Kompetensi, disebutkeun yén dina nulis dipiharep siswa mampuh ngébréhkeun eusi pikiran, rasaan, tur kahayang tina wangun tinulis mangrupa nulis surat resmi ngagunakeun basa Sunda.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, watesan masalah ieu panalungtikan saperti ieu di handap :

Nalungtik makéna modél *Group Investigation* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis surat resmi di SMP Negeri 17 Bandung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

1. Kumaha léngkah-léngkah (1) perencanaan, (2) pelaksanaan, (3) pengamatan, jeung (4) réfléksi, boh dina siklus I boh dina siklus II dina pembelajaran nulis surat resmi ngagunakeun modél *Group Investigation* ka siswa kelas IX-B di SMP Negeri 17 Bandung?
2. Kumaha hasil nulis surat resmi siswa kelas IX-B di SMP Negeri 17 Bandung maké modél *Group Investigation* dina siklus I jeung siklus II?

3. Naha modél *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun atawa henteu kamampuh siswa kelas IX-B di SMP Negeri 17 Bandung dina nulis surat resmi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

1. Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun ngalarapkeun modél pangajaran sangkan leuwih ngarojong dina prosés diajar basa Sunda tur bisa dipaké pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 17 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun ngadeskripsikeun :

- 1) Léngkah-léngkah (1) perencanaan, (2) pelaksanaan, (3) pengamatan, jeung (4) réfléksi, boh dina siklus I boh dina siklus II dina pembelajaran nulis surat resmi ngagunakeun modél *Group Investigation* ka siswa kelas IX-B di SMP Negeri 17 Bandung.
- 2) Hasil nulis surat resmi siswa kelas IX-B di SMP Negeri 17 Bandung maké modél *Group Investigation* dina siklus I jeung siklus II.
- 3) modél *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun atawa henteuna kamampuh siswa kelas IX-B di SMP Negeri 17 Bandung dina nulis surat resmi

1.4 Manfaat Panalungtikan

Manfaat ieu panalungtikan dijembarkeun kana dua bagian, nya éta mangfaat tioritis jeung mangfaat praktis.

1. Mangfaat Tioritis

Mangfaat tioritis ieu panalungtikan, pikeun ngaronjatkeun élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran basa jeung sastra Sunda.

2. Mangfaat Praktis

- 1) Pikeun siswa, dipiharep bisa jadi motivasi sakaligus pangalaman anu variatif, tur bisa mikanyaho hasil diajar ngajar dina nulis surat resmi ngagunakeun basa Sunda.
- 2) Pikeun Guru, dipiharep dina prosés diajar ngajar bisa leuwih éféktif, ku cara maké modél pangajaran nu luyu jeung bahan ajar nu rék diajarkeun ka siswa.
- 3) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa méré gambaran atawa pangaweruh nu leuwih jembar ngeunaan pangajaran nu maké modél *Group Investigation* kana pangajaran nulis surat resmi. Jeung dijadikeun référénsi ngeunaan léngkah-léngkah modél pangajaran *Group Investigation* anu bisa diterapkeun kana rupa-rupa widang pangajaran.

1.5 Wangenan Istilah

Sangkan leuwih museur, ieu di handap dijèntrekeun istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, nya èta :

- 1) Modél nya éta stratègi jeung rancangan anu gurat badagna mangrupa léngkah-léngkah kagiatan dina diajar ngajar, nu bisa ngarojong pikeun

proses pangajaran di kelas, tur bisa méré gambaran pikeun siswa nu rék narima pangajaran, sarta maham kana pola prosés diajarna. Nepi siswa mampuh adaptasi kana lingkungan di jéro kelas dina kagiatan diajar sarta ayana parobahan tingkah polah dina nyanghareupan pangajaran nu di diajarkeun ku guruna.

- 2) Pembelajaran nya éta prosés intéréksi siswa jeung guru di lingkungan belajar. Pembelajaran mangrupa hal anu bisa ngarojong tur ningkatkeun siswa dina prosés diajar, ku ayana pembelajaran mangrupa hiji prosés nu bisa ngabantu para siswa meunangkeun élmu pangaweruh, sarta bisa ngajadikeun siswa bisa diajar anu alus.
- 3) Modél *Group Investigation* nya éta mangrupa modél anu ngalibatkeun siswa ti mimiti peréncanaan nepi ka réngsena kagiatan diajar. Modél ieu nuntun sakabéh siswa sangkan bisa aktif sarta miboga kamampuh anu alus dina komunikasi atawa prosés interaksi antar anggota kelompok. *Group Investigation* mangrupa hiji modél nu bisa ngarojong dina pangajaran di kelas ngeunaan nulis surat resmi, dina prak-prakkanana modél ieu ngalibatkeun sakabéh siswa tur ngajadikeun siswa leuwih aktif di ajar, boh dina kelompokna atawa dina interaksi jeung kelompok liana nu geus dibentuk di jéro kelas.
- 4) Nulis nya éta kagiatan nurunkeun lambang-lambang atawa ngaluapkeun pikiran dina wangun tulisan nu dituliskeun dina parantieunana maké basa nu bisa dipikaharti.

- 5) Surat nya éta cara kumonikasi anu teu langsung, mangrupa alat komunikasi dina wangun tulisan.
- 6) Surat resmi nya éta surat nu eusina nepikeun hal-hal nu sifatna dinas anu ditulis ku hiji intansi ka intansi séjénna, atawa bisa ogé ti perorangan ka hiji intansi atawa lembaga séjénna.

1.6 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.6.1 Anggapaan Dasar

Dina panalungtikan diperlukeun anggapan dasar anu disebut anggapan dasar, mangrupa bebeneran tiori atawa pamadegan anu dijadikeun tatapakan hiji panalungtikan, sarta éta mangrupa hiji cecekelan anu teu kudu diuji deui bebeneranana. Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Nulis mangrupa kagiatan nurunkeun lambang-lambang dina parantina pikeun ngagambarkeun basa hiji jalma.
- 2) Nulis surat resmi mangrupa pangajaran kelas IX katitén dina KTSP.
- 3) Modèl pangajaran *Group Investigation* mangrupa métode nu digunakeun pikeun diajar siswa ku cara meragakeun lèngkah-lèngkah pikeun nembongkeun cara ngerjakeun kana hiji hal.
- 4) Kamampuh nulis surat bisa dironjatkeun ngaliwatan latihan jeung bimbingan.

1.6.2 Hipotésis Tindakan

Kulantarankeun ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode PTK, kukituna hipotésis nu digunakeun ogé hipotesis tindakan. Anu disebut hipotésis tindakan di dieu nya éta jawaban sementara dina panalungtikan anu rék dilakonan atawa diuji

bener henteuna ngaliwatan pangumpulan data jeung analisis data (Sanjaya, 2009:72).

Kukituna panalungtik ngabogaan kayakinan yén diayakeunna panalungtikan dina nerapkeun modél pangajaran *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis surat resmi maké basa Sunda di kelas IX-B SMP N 17 Bandung.

1.7 Méthode Panalungtikan

Méthodé anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode panalungtikan tindakan kelas (PTK). Méthode panalungtikan tindakan kelas mangrupa méthode anu bisa ngaréngsékeun sababaraha pasualan anu nyata di lapangan (kelas). Ieu méthode téh mangrupa hiji téhnik nu bisa ngungkulan pasualan nu keur kaalaman langsung ku siswa. Ku panalungtikan tindakan kelas (PTK) bisa leuwih ngaronjatkeun hasil prosés diajar.

Cindekna méthode panalungtikan tindakan kelas, mangrupa méthode sangkan anu nalungtik langsung bisa maham kaayaan nu aya di jéro kelas nu dialaman ku siswa sarta bisa ngungkulan pasualan dina prosés diajarna.

Ku kituna, méthode ieu panalungtikan pikeun ngukur pangaruh modél pembelajaran *Group Investigation* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis surat resmi di SMP Negeri 17 Bandung.

1.8 Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu dijadikeun dina panalungtikan ieu ka siswa kelas IX B di SMP N 17 Bandung taun ajaran 2011-2012 anu jumlah siswana aya 41 urang.